

Yon sitiyasyon dijans nan lekòl timoun ou an se yon sitiyasyon estresan pou tout paran oswa gadyen legal. Distri Lekòl Piblik Providence pran angajman pou kenbe w enfòmè pandan ak aprè ijans yo.

- Pandan yon sitiyasyon ijans tankou fèmen lekòl oswa yon sèn lapolis nan zòn ki toupre yon lekòl, fanmi yo pral resevwa kominike nan 15 minit (nenpòt lè sa posib) atravè mesaj tèks dirèk.
- Sonje ke tout detay yo pa pral disponib byen bonè, paske lidè bilding yo okipe nan asire sekirite elèv ak manm pèsonèl yo.
- Pandan yon sitiyasyon ijans ki dire plis pase yon demi èdtan, fanmi yo pral resevwa yon mesaj tèks ki ajou chak 30 minit ak dènye enfòmasyon ki disponib yo.
- Yo pral voye yon dènye mesaj mizajou lè ijans lan rezoud.
- Lekòl la pral bay tout fanmi yo yon lèt swivi nan lespas 24 èdtan aprè ijans la ak lòt kontèks ensidan an ak detay sou repons lekòl la.
- *Egzèsis pou ijans: Fanmi yo pral resevwa yon tèks kominikasyon nan fen chak jounen lekòl lè yon egzèsis ijans tankou yon egzèsis dife oswa egzèsis evakyasyon. Lekòl yo oblije fè 15 egzèsis ijans chak ane.*

Sa fanmi yo ta dwe fè ak sa yo pa ta dwe fè pandan yon ijans:

Pou sekirite tout moun ki enplike yo ak pou kenbe lòd, nou mande pou fanmi yo respekte rekòmandasyon sa yo pandan yon ijans:

- Asire w enfòmasyon kontak ki nan dosye lekòl timoun ou an toujou ajou pou ka jwenn ou san pèdi tan nan ka yon ijans.
- Pa vini sou kanpis lekòl la. Yon foul moun ka distrè anplwaya distri.125 (800)000090.125 (800)12(o)3(n)2(fo)4(ul m)3(un)3(k)3(a dist)